

Pou Fè Sòti Imedyatman

Enfòmasyon enpòtan sou Konkou Elektoral pou Eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl ak Eleksyon vil Minisipal yo pou Dat 19 Mas 2024 k'ap vini an.

Konte Broward, FL. (29 janvye 2024) – Sipèvizè Eleksyon zòn Konte Broward la ta renmen raple tout sitwayen li yo, paske nan Eta Florid la Eleksyon Primè yo se Eleksyon ki fèmen, se sèlman votè ki anrejistre nan yon Majè Pati Politik k'ap gen dwa pou vote pou kandida yo oswa moun ke yo te nonmen pou reprezante yo nan pròp pati pa yo a.

Se poutèt sa, votè yo ki anrejistre ki pral resevwa yon bilten vòt pou Eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl (PPP) 19 mas la ak Eleksyon vil Minisipal yo, se sèlman votè Repibliken ki anrejistre nan tout kwen konte a, ak votè ki abite nan vil Hillsboro Beach, Lauderdale-by the-Sea, Pembroke Pines, ak Sea Ranch Lakes. Votè ki anrejistre kòm Demokrat, votè ki Pa Afilye nan yon Pati Politik oswa nenpòt Pati Politik Minè k'ap viv andeyò 4 (kat) vil sa yo **PAP** gen kandida ni okenn referandòm pou yo vote nan dat 19 Mas la.

Kòm toujou, nou ankouraje tout votè yo tanpri **Ale sou Paj Entènèt nou an** www.browardvotes.gov pou plis enfòmasyon.

Dat ak enfòmasyon enpòtan pou Eleksyon PPP a:

- Nouvo votè yo dwe anrejistre anvan dat madi 20 fevriye 2024.
- Dènye jou pou chanje afilyasyon Pati Politik ou a se madi 20 fevriye 2024.
- Dènye jou pou mande yon Bilten-Vote-Pa-Lapòs se Jedi 7 mas 2024.
- Vote Bonè ap disponib apati samdi 9 mas 2024 pou rive jiska dimanch 17 mas 2024, soti 10zè dimaten pou rive jiska 6zè diswa.
- **Jou Eleksyon an se madi 19 mas 2024, soti 7è dimaten pou rive jiska 7è diswa.**

Èske w te konnen pi fò nan enfòmasyon ki sou rezo sosyal nou yo fèt nan twa lang?
Ale swiv nou nan **@BrowardVotes**, epi ede nou kenbe kominote nou an enfòme.

Ivan Castro, Ofisye Enfòmasyon Piblik
954-654-1611
icastro@browardvotes.gov